

Si w se yon elèv lekòl segondè nwa oswa latino ki nan yon lekòl oswa ki pral nan yon lekòl segondè Depatman edikasyon Vil Nouyòk ant 2021 ak 2024

(oswa yon paran oswa responsab yon elèv lekòl segondè nwa oswa latino ki nan yon lekòl oswa ki pral nan yon lekòl segondè Depatman edikasyon Vil Nouyòk ant 2021 ak 2024)

Tanpri li avi sou aranjman sa a avèk Depatman edikasyon Vil Nouyòk (New York city Department of Education, NYCDOE) ak Lig atletik lekòl leta (Public Schools Athletic League, PSAL) paske dwa w ka menase.

Aranjman pou pwosè kolektif yo pwopze sa a afekte dwa elèv nwa ak latino ki nan lekòl oswa ki pral nan lekòl segondè Depatman edikasyon epi ki pral kapab jwe espò lekòl segondè nan PSAL ant 2021 ak 2024.

Si yo apwouve aranjman sa a, NYCDOE ak PSAL dakò pou fè chanjman nan ekip espò ki nan lekòl segondè yo dekri andetay pi ba a.

Tanpri li avi ki vin ak dokiman sa a pou jwenn enfòmasyon konplè sou aranjman yo pwopoze a.

Supreme Court of the State of New York, County of New York
Moises Jimenez et al. v. New York City Department of Education et al.

Si w se yon elèv nwa oswa latino ki nan lekòl oswa ki pral nan lekòl segondè Depatman edikasyon Vil Nouyòk epi ki pral kapab jwe espò lekòl segondè atravè Public Schools Athletic League (PSAL) ant 2021 ak 2024, ou fè pati pwosè kolektif sa a.

Ka sa a ka afekte dwa legal ou kit ou aji ki ou pa aji. Pran tan w pou li avi sa a byen.

Aranjman (the “Settlement”) yo pwopoze sa a rezoud yon pwosè kolektif ki di Depatman edikasyon (“DOE”) ak Public Schools Athletic League (“PSAL”) pa t trete elèv lekòl segondè nwa ak latino avèk jisti ni avèk egalite lè li kreye mwen ekip espò PSAL ki disponib pou yo pase elèv lòt ras ak lòt enisite. DOE deklare li pa fè anyen ki mal konsènan akizasyon sa yo.

Pou rezoud pwosè a, DOE ak PSAL dakò pou pran kèk mezi pou kreye plis opòtinite pou elèv lekòl segondè nwa ak latino pou jwen espò PSAL. Dwa manm nan gwoup moun k ap fè pwosè a dapre Aranjman alamyab la dekri pi ba a.

Men dwa legal ak opsyon ou genyen nan Aranjman sa a:

- 1. Kontestasyon** → Ou ka ekri Tribinal la si w pa dakò ak Aranjman sa a.
- 2. Ale nan Odisyon san patipri a** → Ou ka mande pale nan Tribinal la konsènan jistis Aranjman an.
 - **Si w pa fè anyen**, epi Jij la apwouve Aranjman sa a, kòm yon manm Gwoup la, w ap lye ak sa ki di nan Aranjman sa a.
 - Nou eksplike dwa ak opsyon sa yo nan Avi sa a. **Gen dat limit pou egzèsè dwa ak opsyon sa yo.**

Si w gen nenpòt kesyon oswa pou jwenn yon kopi Akò sou Aranjman an okonplè, rele New York Lawyers for the Public Interest nan 212-244-4664, imèl fairplay@nylpi.org, oswa ale nan www.nylpi.org/get-help/.

Kesyon moun poze souvan (Frequently Asked Questions, FAQ)

1. Pou kisa y ap fè pwosè sa a ?

Pwosè sa a, *Moises Jimenez et al. v. New York City Department of Education et al.* Index No. 155825/2018, se yon gwoup elèv nwa ak latino ki nan lekòl segondè NYCDOE ki te fè l. Yo te vle plis opòtinite pou jwe espò apre lekòl segondè epi yo te kwè PSAL te bezwen chanjman nan regleman ak pratik li yo pou sa rive. PSAL, ki fè pati NYCDOE, deside kòman pou mete ekip espò nan lekòl segondè pou fè konpetisyon ak lòt lekòl segondè.

Elèv yo te kòmanse pwosè a lè yo te pote plent nan dat 21 jen 2018. Dokiman sa a te di DOE ak PSAL (ansanm yo se, the “Defendants”) te vyole lwa sou dwa moun nan Vil Nouyòk paske yo p at trete elèv lekòl segondè nwa ak latino avèk jistis ni avèk egalite lè yo mete mwens ekip espò disponib pou yo pase elèv lòt ras ak lòt etnisite. Pleyan yo di yo pa fè anyen ki mal.

2. Kisa ki yon pwosè?

Yon “pwosè” pèmèt yon moun (oswa yon gwoup moun), ki kwè yo te fè yo mal, pou fè yon plent ofisyèl kont yon lòt moun (oswa òganizasyon), pou deklare yo fè yo mal. Yo fè pwosè a nan tribinal epi se yon Jij ki dirije l. Yo ka mande Jij la oswa yon jiri T pou detèmine kiyès ki gen rezon oswa, jan sa te rive la a, pati yo ka dakò pou “aranje” zafè a paske yo dakò sou sa ki ta dwe fèt la.

3. Kisa yon pwosè kolektif ye ?

Yon “class action” se yon pwosè yon gwoup moun kòmanse (yo rele yo “Reprezantan Gwoup” (“Class Representatives”) ki reprezante yon gwoup ki pi gwo (yo rele Kolektif (“Class”). Class la pataje resanblans ki menm ak reprezantan Class la epi kòm konsekans yo rankontre menm pwoblèm.

Nan pwosè sa a, Reprezantan Class la se yon gwoup moun ki se elèv nwa ak latino nan lekòl segondè leta—Moises Jimenez, Devaun Longley, ak kèk kamarad yo—epi Class la gen ladan **TOUT** elèv nwa ak latino ki nan lekòl oswa pral nan lekòl segondè Vil Nouyòk epi ki jwe espò lekòl segondè atravè PSAL ant 2021 ak 2024.

4. Kiyès ki se manm Class la nan pwosè sa a?

Tout elèv ki idantifye kòm moun nwa, afriken-ameriken, panyòl oswa ras latino oswa gwoup etnik ki nan lekòl(oswa ki pral nan lekòl segondè NYCDOE an prentan 2024 epi ki jwe(oswa ki pral jwe) espò lekòl segondè atravè PSAL.

Sa vle di si deskripsyon sa aplike pou oumenm ant peryòd Aranjman sa a kouvri a, 2021-2024, ou nan wout pou benefisye nan sa ki di nan Aranjman sa a.

5. Poukisa gen yon Aranjman?

Olye pou pase tan ap diskite yonn ak lòt devan yon Jij ak yon jiri, Reprezantan Class la ak Pleyan yo negosye nan dokiman sa a avèk yonn lòt andeyò yon tribinal. Konsa, yo evite depans ak risk yon pwosè, epi Class la ap resevwa benefis yo pi vit. Sa a se yon mwayen kouran pou rezoud pwosè. Jij la pa deside ni anfavè yonn ni anfavè lòt. Olyedsa, toude pati yo dakò sou yon Aranjman yo panse ki jis, sifizan ak rezonab.

Sa ki pi enpòtan an, Reprezantan Class la ak avoka yo panse Aranjman sa a nan pi bon enterè tout Class la.

6. Èske Aranjman sa a se dènye a?

Prèske, men se poko sa. Yon Jij Kou Siprèm(Supreme Court) Nouyòk dwe toujou apwouve Aranjman an pou li ka vin final. Dabò, ap gen yon Odisyon sou jistis Aranjman an k ap fèt **9 mas 2022, a 10AM**. Apre odisyon sa a, jij la pral deside si pou l apwouve Aranjman an ak fè li final epi “respekte sa ki di a”, sa vle di DOE, PSAL, ak Class la dwe fè sa ki di a.

Si jij la apwouve Aranjman an epi li vin final, DOE ak PSAL dwe ogmante aksè nan espò lekòl segondè dapre pwosesis ki dekri nan Aranjman an, epi jij la -ak avoka pou Class la—pral swiv kòman sa ap mache. Pandan dire pwosesis sa a, manm Class la pa ka fè pwosè kont DOE ni PSAL pou menm pwoblèm pwosè sa a deja rezoud.

7. Èske mwen gen yon avoka pou ka sa a ?

Si w se yon manm nan Class la, kidonk repons lan se wi. Avoka ki nan New York Lawyers for the Public Interest, Inc., Patterson Belknap Webb & Tyler LLP, ak Emery Celli Brinckerhoff Abady Ward & Maazel LLP reprezante w pou objektif Aranjman sa a. Ou ka kontakte yo pa telefòn nan 212-244-4664 oswa pa imèl nan fairplay@nylpi.org.

Yo pa p fè w peye pou avoka sa yo ki reprezante w nan pwosè a oswa nan Aranjman an. Olyesa, Pleyan ki fè pati Aranjman an peye avoka sa yo pou travay sou ka sa a.

Si w vle gen pwòp avoka w pou reprezante w, ou ka anplwaye yonn w ap gen pou peye ak pwòp lajan w.

8. Ki mezi DOE ak PSAL angaje pou pran pandan dire Aranjman sa a?

Si yo apwouve Aranjman an, DOE ak PSAL pral pran kèk mezi pandan peryòd Aranjman an, ki kòmanse nan dat yo apwouvel epi l ap fini an 2024.

Espesifikman, DOE ak PSAL pral gen pou :

- Ogmante aksè pataje nan pwogram (Shared Access Programs “SAPs,”) yo dekri l ak plis detay pi ba a) pou distri lekòl yo presize ki gen aksè ki pi ba anwayèn nan vil la nan ekip espò PSAL ,epi
- Ajoute yon minimòm senk ekip nan chak ane lekòl 2021-2022, 2022-2023, ak 2023-2024 nan lekòl segondè DOE byen presi. Yo pral vize lekòl segondè sa yo ki gen mwens ekip espò PSAL yo, dapre kote yo ye oswa lòt rezon, ki pa ka patisipe nan yon SAP.

Ogmantasyon SAP la + Lòt nouvo ekip yo pral garanti yon minimòm 200 nouvo ekip PSAL total nan semès prentan 2024.

Anplis, DOE ak PSAL pral gen pou :

- Anboche sis kowòdonatè direktè atletik atan plen ak yon Planifikatè (Scheduler) pou sipèvize nouvo pwogram espò sa yo; epi
- Kreye yon sistèm elèv ak paran ka itilize pou fè kòmantè an tan reyèl sou kòman nouvo pwogram espò yo ap mache.

Ogmantasyon aksè pataje nan pwogram (Shared Access Programs, SAP):

Prensipal fason DOE pral ogmante aksè nan ekip espò PSAL pou Class la lè yo kreye ak ogmante Shared Access Programs (“SAPs”). Dapre modèl sa a, lekòl segondè ki tou pre yonn ak lòt, yo pral gwoupe yo pou pataje ekip espò PSAL yo pou yo ka gen plis ekip espò ansanm pase sa chak lekòl te gen poukont yo.

Sa vle di si w nan yon ti lekòl segondè, ou ka vin jwe nan yon ekip ki gen elèv ki nan lekòl segondè tou pre a. Sistèm sa a pral ba w plis opòtinite ak opsyon pou jwe diferan espò ak ogmante kantite opsyon ekip ou ka eseye.

Si yo chwazi lekòl ou a pou fè pati yon SAP, w ap kapab pran yon sondaj espò pou elèv pou di PSAL la nan ki espò ou vle jwe. Sondaj espò pou elèv la pral ede PSAL la decide ki nouvo ekip espò pou kreye pou SAP w la.

Aranjman an ap gen anpil detay sou kòman yo pral chwazi SAP a ak aplike l. Pi ba a gen yon “cheat sheet” ki montre ki distri yo te pwopoze pou gen nouvo SAPs nan Aranjman an, epi kilè, distri sa yo ka chanje.

Distri 1, 9, 12, 23, ak 32	Distri sa yo deja patisipe nan yon pwogram pilòt SAP. Nan prentan sezon 2022, PSAL la pral ogmante kantite total SAP nan distri sa yo pou rive nan 10.
Distri 14, 15, 16	Distri sa yo pral gen omwen yon SAP nan sezon prentan 2022, ak omwen senk nan sezon prentan 2023.
Distri 2, 5, 6, 7, ak 19	Distri sa yo pral gen omwen yon SAP nan sezon prentan 2023, ak lòt SAP nan sezon prentan 2024.
Distri 4, 17, 24, ak 29	Distri sa yo pral gen omwen yon SAP nan sezon prentan 2024.
Distri 8 ak 13	Lekòl ki nan distri sa yo kote elèv gen aksè nan mwens pase 12 ekip espò pral gen omwen yon SAP nan sezon prentan 2024.
Bronx Early College Academy	Lekòl sa a pral gen aksè atravè yon SAP nan omwen uit ekip nan prentan 2022.
Urban Assembly Bronx Academy of Letters	Lekòl sa a pral nan yon SAP nan prentan 2022.
In-Tech Academy High School	Lekòl sa a pral nan yon SAP nan prentan 2022.

9. Kòman mwen ka konnen DOE ak PSAL pral respekte angajman yo? Esi yo pa respekte l?

Si jij la apwouve Aranjman an, DOE ak PSAL pral gen pou respekte kondisyon Aranjman an. Avoka ki reprezante Reprèzantan Class la ap tcheke pou asire DOE ak PSAL la respekte kondisyon Aranjman an pandan peryòd la. DOE ak PSAL la pral oblije rapòte kèk done ba avoka yo pou rezon sa a. Si avoka yo deside DOE ak PSAL la pa respekte angajman yo pou Class la, avoka yo pral kapab pran mezi legal pou Class la.

Si w gen enkyetid pou DOE ak PSAL pa respekte kondisyon Aranjman an, rele New York Lawyers for the Public Interest nan 212-244-4664, oswa voye yon imèl nan FairPlay@nylpi.org.

10. Kisa k ap rive si m pa renmen Aranjman an?

ISi w se yon manm Class la, ou ka di jij la ou pa dakò avèk Aranjman an oswa yon pati ladan si w “konteste” (pa dakò) fòmèlman ak Aranjman an.

Pou konteste, ou dwe voye yon lèt ki di ou konteste Aranjman an nan *Moises Jimenez et al. v. New York City Department of Education et al.* ba New York Lawyers for the Public Interest. Nan lèt ou a, ou ta dwe presize rezon presi ou panse jij la ou ta dwe apwouve Aranjman an epi pataje nenpòt prèv ou genyen pou kore kontestasyon w lan. Asire w mete tou non w, adrès ou, nimewo telefòn ou, siyati w ak si wi ou non oumenm(oswa yon avoka ki reprezantan w pral mande pale nan Odisyon sou jistis Aranjman an (Settlement Fairness Hearing). Poste lèt kontestasyon an nan adrès sa a ak so lapòs ki pa dwe pi ta pase **18 fevriye 2022**:

New York Lawyers for the Public Interest
Attn: Sports Equity
151 West 30th Street, 11th floor
New York, NY 10001

New York City Law Department
Attn: Mark G. Toews
100 Church Street
New York, NY 10007

Avoka pou Class la pral remèt lèt ou a ba jij la avan Settlement Fairness Hearing.

Ou gen tou opsyon pou patisipe nan Settlement Fairness Hearing lan. Odisyon an ap fèt **9 mas 2022, a 10AM** nan sal 308 of the Supreme Court of the State of New York, New York County, nan adrès 80 Centre Street, New York, NY 10013.